# mo ndax wóoluwuleen ma te man maay kóoluteg ki ci asamaan xibaaru asamaan dima dikkal suba ak ngoon

Jële nañu ci Abii Sahiid Al-Xudrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Aliyun Ibn Abii Taalib yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa yónnee ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu bawoo Yaman as wurus mu nekk ci abder bu nu wulli, te setaluñu ko sax ca suuf sa, nee na: mu sédale ko ci diggante ñenti nit, diggante Uyaynata ibn Badrin, ak Aqrah ibn Haabis, ak Saydul Xayri, ñenteel bi benn muy Halqamata walla muy Aamir ibn Attufayl, jenn waay ci ay àndandoom ne: nun de noo gënoon a yayoo lii ci ñii, nee na loolu egg ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, mu wax ne: "mo ndax wóoluwuleen ma te man maay kóoluteg ki ci asamaan xibaaru asamaan dima dikkal suba ak ngoon", nee na jenn waay jug bët yi dugg, jë bi génn, kawaru sikkim bi sëq, mu wat kawar gi, mu gàtt kodaay, daal di ne: yaw Yonnente Yàlla bi, ragalal Yàlla, mu ne ko: "toskare ñeel na la, ndax du maa gën a yay ci waa suuf ci ragal Yàlla" nee na: waa ji dummooyu dem, Xaalid ibnul Waliid ne : yaw Yonnente Yàlla bi, ndax duma dagg baat bi? Mu ne ko: "déedéet, amaana moo ngi julli" Xaalid ne ko: bariwaa na kuy julli, di wax ci làmmiñam lu nekkul ci xolam, Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: "man digaluñu ma ma wëlbati xoli nit ñi, du caagine ma xotti seen biir yi" nee na: topp mu xool ko muy dem, mu wax ne: "dana génn ci ndiggul waa jii ay nit wow dañuy jàng téereb Yàlla bi mu tooy xepp, te du weesu seen put yi, dañuy génn ci diine kem ni fett gi di génne ci sànnikaay bi", te njort naa ne dafa wax ne: "bu ma leen fekke woon kon dinaa leen ray rayug Samuud".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Aliyun Ibn Abii Taalib dafa yónnee ci Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu bawoo fa Yaman ab dogu wurus mu nekk ci ab der bu ñu wullee garabu Xarad, te dogu wurus bi setul ca suuf sa, mu ne ko: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc séddale ko ci diggante ñenti nit: Uyaynata ibn Badrin Al-Fisaari, ak Aqrah ibn Haabis Al-Habsalii, ak Sayd Al-Xalyl An-Nabahaanii, ak Halqamata ibn Hulaasata Al-Aamirii, benn waay ci Sahaabaam yi ne ko: Nun de noo ko gënoon a yayoo ci ñii, nee na: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc yëg loo lu, mu wax ne: "ndax wóoluwuleen ma te man maay kóoluteg ki ci asamaan, xibaaru asamaan dima dikkal suba ak ngoon". Nee na: benn waay jug ñaari bët yaa nga dugg, kaw lex yi fés daal di yëkkëtiku, jë bi yëkkëtiku, sikkim bi sëq te guddul, mu watu, mu yëkkëti yéreem yi féete suuf daal di ne ko: Yaw Yonnente Yàlla bi ragalal Yàlla, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: "toskare ñeel na la xanaa du maa gën a yay ci waa suuf ci ragal Yàlla?!" Nee na: waabji dummóoyu, Xaalid ibnul

waliid ne: Yaw Yonnente Yàlla bi, ndax duma dóor doqam gi. Mu ne ko: déedéet, amaana muy julli, Xaalid ne: Bariwaana kuy julli di wax ci làmmiñam lu nekkul ci xolam, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: Man digaluñu ma ma jeqi xoli nit ñi du caagine ma xotti seen i biir; waaye dañu ma a digal ma jël ci li feeñ ci seen i mbir, nee na: Topp mu xool ko fekk moo ngi dem, mu wax ne: Dina génn ci ndiggul waa jii ak i àndandoom walla giiram ay nit yu muus ci jàng téereb Yàlla bi ci kàddu gu neex, seen làmmiñ day tooy ci baril di ko jàng, te Alxuraan ji du jéggi seen i put ba seen i xol di ko xam mu man ko a yéwénal, te Yàlla du ko yëkkëti du ko nangu, dañuy génn ci lislaam kem ni ab xeej di génne ci fett gi ci gaawaay ak woyof. Ma njort ne dafa wax: bu ma fekke woon seen ug génn ak jaasi ci kaw jullit ñi kon dinaa leen ray ray gu tar gu mel ni rayug Samuud.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/8307

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee